

**NGANALISIS AKTIVITAS DIAJAR SISWA SARENG HUBUNGANANA
SARENG EXTRANEIOUS COGNITIVE LOAD KANA PANGAJARAN
SISTEM IMUN KELAS XI DI SMA PASUNDAN 1 BANDUNG**

Ku:

CUCU SUPRIYATIN

NPM 135040153

RINGKESAN

Kasangtukang pananglutikan ieu ku siswa anu miboga beban Extraneous Cognitive Load, Extraneous Cognitive Load mangrupi salah sahiji komponén dina pangajaran sareng tiasa ditingali tina aktivitas diajar anu dilaksanakeun. Panalungtikan ieu ngagaduhan tujuan kanggo nganalisis aktivitas diajar siswa sareng hubunganana sareng ECL kana pangajaran sistem imun, panalungtikan ieu di laksanakeun di SMA 1 PASUNDAN BANDUNG kelas XI B2. Analisis aktivitas diajar siswa diukur ngagunakeun lembar observasi anu dinilai saatos pangajaran dilaksanakeun, sedengkeun ECL diukur dumasar kana usaha méntal siswa anu dijaring ku kuisisioner subjektif rating scale. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode desriptif. Hasil analisis aktivitas diajar siswa anu dilaksanakeun 2 jam pangajaran nunjukeun yén aktivitas pangajaran dominan kana aktivitas fisik dibandingkeun aktivitas mental. Aktivitas pangajaran fisik jeung méntal heunteu saling ngaruh kanggo nurunkeun kasulitan siswa salami pangajaran sistem imun. Hasil analisis ECL nunjukeun yén ECL asup katogeri “sedeng” hartina masih aya siswa anu ngaraos hése paham kana materi anu dijelaskeun ku guru. Teu aya hubungan antara aktivitas pangajaran jeung usaha méntal siswa salami pangajaran, kumargi guru kirang ngaruhan aktivitas pangajaran siswa janten aktivitas anu dilakukeun heunteu mangfaat sareng heunteu nurunkeun usaha méntal siswa.

Kecap Kunci : *Aktivitas diajar, Extraneous Cognitive Load, Pangajaran biologi, sistem imun.*